



Yon Gid Resous pou Imigran New York yo



Tout Rezidan Vil New York yo Ka Jwenn Swen ak Sipò San Kè Sote

ÈD JIRIDIK POU ZAFÈ IMIGRASYON

Rele ActionNYC nan **800-354-0365**, soti Lendi rive Vandredi, 9AM jiska 6PM pou jwenn èd jiridik pou zafè imigrasyon, gratis ak san danje. Jwenn èd nan men yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan akredite ou ka fè konfyans.



SIPÒ POU FANMI IMIGRAN YO

Swen Sante

- Lè w pran vaksen, resevwa swen, fè tès oswa swiv tretman pou COVID-19, sa pa p afekte sitiyasyon imigrasyon w. Jwenn yon sit kote yo fè tès gratis ki toupre ou nan nyc.gov/covidtest oswa rele **212-COVID19 (212-268-4319)**.
- Enskri nan plan asirans sante yo, ki gen ladan yo, plan gratis, nan nyc.gov/getcoverednyc oswa rele **311**. Si w pa kalifye pou asirans sante, NYC Care garanti sèvis a ba pri oswa gratis. Sitiyasyon imigrasyon w pa gen enpòtans. Rele **646-NYC-Care (646-692-2273)** oswa ale sou [nycare.nyc](https://nycare.nyc.gov).
- Ou santi w sou presyon oswa ou gen enkyetid? Pale ak yon konseye NYC Well pou jwenn sipò konfidansyèl epi pou konekte ak resous pou jwenn swen sante mantal ak resous pou itilizasyon sibstans. Ale sou nyc.gov/nycwell, rele **888-NYC-Well (888-692-9355)**, oswa voye mesaj tèks ki make WELL nan **65173**.

Edikasyon

- Tout timoun NYC yo ki gen laj 4 lane yo kalifye pou Pre-Matènèl (Pre-K) epi yo gen dwa ale nan lekòl piblik jiskaske yo vin gen laj 21 lane. Nan kèk katye klas Pwogram Matènèl pou timoun ki gen laj 3 lane (3-K) ka disponib tou pou timoun ki gen laj 3 lane yo. Pou enskri, ale sou schools.nyc.gov/enrollment oswa rele **311**.
- Aprann Anglè Gratis avèk We Speak NYC. Elèv k ap aprann lang Anglè ki nan Nivo Entèmedyè yo ka ale sou wespeaknyc.cityofnewyork.us pou yo enskri pou klas konvèsasyon anliy.



Aliman Nan Ka Dijans

- Gen manje vejetaryen, halal ak kosher ki disponib gratis nan lokal ki toupatou nan NYC yo. Opsyon livrezon yo disponib pou Rezidan Vil New York ki elijib yo. Jwenn plis enfòmasyon nan nyc.gov/getfood oswa rele **311** epi di "Get Food."

KENBE KOMINOTE NOU YO AN SEKIRITE

Sekirite Piblik

- Selon lalwa, NYPD pa gen dwa poze kesyon sou sitiyasyon imigrasyon viktim, temwen krim oswa lòt moun ki mande jwenn èd yo. Nenpòt moun ki te viktim yon krim oswa ki te temwen yon krim dwe rele **911**.

Pwoteksyon Kont Diskriminasyon

- Nan Vil New York, yo pa tolere okenn diskriminasyon, vanjans ak asèlman kont pyès moun sou baz ras, relijyon oswa sitiyasyon imigrasyon. Pou rapòte yon asèlman oswa diskriminasyon, rele Komisyon sou Dwa Moun nan NYC nan **212-416-0197**.

IDNYC

- IDNYC se yon kat idantifikasyon ki gen foto ke gouvènman an bay gratis pou tout rezidan NYC ki gen laj 10 lane oswa plis epi li bay aksè a yon vas kantite sèvis ak rabè. Enfòmasyon aplikan IDNYC yo rete konfidansyèl. Sitiyasyon imigrasyon w pa gen enpòtans. Renouvle l sou entènèt oswa pwograme yon randevou pou enskri nan nyc.gov/idnyc oswa rele **311**.

Pwoteksyon Kont Vyolans Domestik

- Vil la pou ede ou si w ap sibi abi. Ou ka ale sou nyc.gov/nychope oswa rele Liy Asistans kont Vyolans Domestik nan NYC a nan **800-621-HOPE**.



OU GEN DWA

Ou Dwe Konnen Dwa w yo parapò ak ICE (Kontwòl Imigrasyon)

- Vil la pa egzekite aplikasyon lwa sou imigrasyon yo. Si sèvis imigrasyon federal yo apwoche w, ou gen dwa. Ale sou nyc.gov/knowyourrights oswa rele ActionNYC nan **800-354-0365** pou jwenn èd jiridik pou zafè imigrasyon, gratis e san danje.

Dwa Lokatè yo

- Si w se yon lokatè rezidansyèl epi w bezwen èd avèk nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak degèpisman oswa ak pwopriyete kay kote w rete a, ale sou nyc.gov/tenantprotection oswa rele **311** epi di "tenant helpline" pou jwenn èd jiridik gratis. Pou jwenn sipò lojman adisyonèl, ale sou nyc.gov/housing.

Dwa Travayè yo

- Ou gen yon dwa pou jwenn konje maladi peye dapre lwa Vil New York la. Sitiyasyon imigrasyon w pa gen enpòtans. Rezidan Vil New York ki gen otorizasyon pou travay yo ka kalifye pou benefis asirans pou chomaj yo. Ale sou nyc.gov/workers pou jwenn resous oswa rele **212-436-0381**.

Liy Asistans Ask MOIA

- Si w gen kesyon sou imigrasyon oswa sou kijan pou jwenn sèvis Vil la, gen èd ki disponib nan lang ou pale a. Rele liy asistans pou Biwo Majistra pou Afè Imigran (MOIA) a nan **212-788-7654** soti Lendi jiska Vandredi, 9AM rive 5PM, oswa voye yon imèl nan askmoia@cityhall.nyc.gov.

